

Byenvini nan Depatman La Sante nan Miyami-Ded

Règleman sou jan yon moun kapab kalifye pou jwenn sèvis
Ak kantite kòb li kap peye lè-l vini nan yon sant de sante.

☞ Ki moun ki kalifye pou jwenn sèvis nan yon sant de sante?

Tout moun kap viv nan Miyami Ded ak tout vizitè. Yo tout kalifye pou jwenn sèvis. Ou pa bezwen sitwayen ameriken pou yo ba-w sèvis.

☞ Ki sa-m bezwen pote pou-m jwenn sèvis nan sant de sante yo?

Se pou pote yon kat didantite ki gen fòto-w ak kote w rete sou li; kat sosyal sekirite-w ak kat asirans w si ou genyen. Pa bliye vini ak tout enfòmasyon sou tout moun kap viv nan kay la, kòte yap travay, adrès travay la ak kantite kòb moun lan ap touche.

☞ Ki jan yo kalkile ki kantite kòb pou-m peye?

E byen se men-m jan lè wal kay nenpòt doktè. Sa depan de sèvis yo ba-w, de sa yo fè pou w. Sèlman gen sèvis ki gratis tankou vaksen pou ti mounn. Dapre enfòmasyon w bay, kesyè -a ap kalkile ki kantite kòb pou peye. Tankou si ou ta dwe peye antou 40 dola; epi apre kalkil ou kalifye pou peye yon ka nan lajan-an; e byen, kesyè-a ap fè-w peye 10 dola sèlman. Yon sèl bagay, zafè pou gade si ou kalifye pou peye yon ti kras kòb lan, yo pa fè-l pou gran moun kap vwayaje epi ki vinn pwan yon vaksen espesyal pou kote yo pwale-a. Epi si ou gen asirans, wap gen pou peye sèlman pati la jan ke asirans lan mande pou peye lè wal kay doktè.

☞ Ki jan-mwen kapab kalifye pou-m peye yon ti kras kòb?

Sa depan de kantite la jan fanmi lan fè ak kantite moun ki sou kont fanmi-an. Ou kapab pa peye anyen, tou kòm ou kapab oblije peye tout kòb la tou. Se sa ki fè li enpòtan pou bay enfòmasyon sou kantite moun ki nan kay la kote yap travay ak valè lajan chak moun kap viv nan kay la fè. Vini ak resi chèk, fòm W-2, e si ou pap travay, vini ak yon lèt kòm pwèv.

☞ Es ke-m oblije bay enfòmasyon sou valè lajan moun kap travay nan kay la fè?

Pwèv sou valè lajan moun kap travay nan kay la fè enpòtan sèlman lè ou pa ta renmen peye tout kòb yo mande-w pou sèvis la. Ou gen dwa di anplwaye-a ke li pa bezwen chèchè gade si ou kalifye. Songe lè sa-a wap responsab pou peye tout kòb yo mande pou sèvis lan.

☞ Ki sa kap pase si-m pa gen pwèv kantite lajan moun nan kay la fè?

Ou kapab pale ak anplwaye nan sant lan sou sitiyasyon-w. Di li pou ki sa ou pa kapab bay pwèv li mande-w la sou valè lajan moun nan kay la fè.

☞ Ki sa kap pase si-m pa gen asirans, ou byen ase lajan pou-m peye pou vizit lan?

Depatman la Sante nan Miyami Ded ap toujou pwan swen-w. Ou kap peye mòso nan kòb lan ak lajan ou byen ak yon kat kredi. Wap responsab pou peye rès kòb ki rete-a. Lè ou finn peye, kesyè-a ap ba-w yon resi ki gen sèvis ou resevwa-a, konbyen kòb ou gen pou peye, valè lajan ou peye ak rès kòb ki rete pou peye si ou ta gen yon balans. Si ou pa vinn peye rès kòb lan, Depatman la Sante nan Miyami Ded otorize pou-l voye non-w nan yon ajans kap touche lajan pou mande lajan-an pou li.